



Anaplasmosiz

Fèy Enfòmasyon



Anaplasmosiz se yon maladi ki koze pa bakteri *Anaplasma phagocytophilum*. Li simaye lè yon tik *Ixodes scapularis* ki enfekte mòde w (yo rele tou tik sèf la).



Nenpòt moun ka atrape anaplasmosiz, men moun ki pase tan deyò yo gen pi gwo risk.

Siy ak Sentòm komen yo



Fyèv ak Frizon



Maltèt




Doulè misk




Kè plen ak doulè nan vant

Siy ak Sentòm ki pi Grav



Difikilte pou Respire



Ensifizans renal




Pwoblèm newolojik

Sentòm yo varye ant modere ak grav. Se pa anpil moun ki eksperimente **TOUT** sentòm sa yo.



Pale ak doktè w si w gen nenpòt nan siy oswa sentòm sa yo apre yon tik fin mòde w. Anaplasmoz dyagnostike baze sou siy ak sentòm yo epi konfime atravè tès san. Li trete avèk antibiotik.

Anpeche tik mode w



Mete rad ki gen koulè pal ak manch long. Mete pantalon w andedan chosèt ou.



Sèvi ak yon espre pou pinèz EPA apwouve.



Kenbe gazon w byen koupe epi retire fèy ou yo.



Tcheke tik chak jou epi tcheke bét kay ou yo tou.

Retire Tik Ansekirite



Itilize yon kiyè tik oswa yon pensèt byen pwenit pou retire yon tik.

-Sèvi ak pensèt, pran tik la nan bouch li epi itilize presyon fiks ak fèm pou rale tik la deyò. Pa sèvi ak mouvman tòde.


-Itilize yon kiyè tik, aliyen dan kiyè a monte ak tèt tik la epi ranmase Dousman.

Pa sèvi ak kitèks, alimèt, oswa vazlin pou retire tik la. Metòd sa yo ogmante risk pou yo lokalize enfeksyon po.

Ki kote yo Jwenn Tik Sèf nan Maine?

Tik sèf, ki ka pote bakteri ki lakòz anaplasmosiz, yo jwenn li toupatou nan Maine. Zòn kote tik sèf ap viv yo enkli:

- Zòn rakbwa oswa rakbwa
- Peyizaj sovaj ki pa antreteni avèk anpil zèb
- Raje oswa pil fèy



Tik yo aktif nan nenpòt tanperati ki pi wo pase nivo konjelasyon.

Pou w jwenn plis Enfòmasyon, Vizite:



- [1. www.maine.gov/dhhs/anaplasmosis](http://www.maine.gov/dhhs/anaplasmosis)
- [2. www.maine.gov/dhhs/tickfaq \(Pou kesyon yo poze souvan yo osijè tik\)](http://www.maine.gov/dhhs/tickfaq)
- [3. www.cdc.gov/anaplasmosis](http://www.cdc.gov/anaplasmosis)
- [4. www.ticks.umaine.edu \(Pou soumèt yon tik pou idantifikasyon ak tès\)](http://www.ticks.umaine.edu)
- [5. www.epa.gov/insect-repellents/find-repellent-right-you \(Pou pwodui repilsif EPA apwouve\)](http://www.epa.gov/insect-repellents/find-repellent-right-you)

Ou ka rele tou CDC Maine nan 1-800-821-5821.